TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 22

USAVIMBE NEVANHU (CHIKAMU CHECHINA)

Pane zvinhu zvishoma zvandakaongorara muhupenyu. Chimwe chezvinhu izvi ndechechekuti kurarama zvine chindini kunozokudhurira. Ndinoreva kuti unozobvisa mutengo wakakurisa kana uchirarama hupenyu hune chindini. Panguva ino ndinoona kuti vanhu vanorarama nechindini vave kuita vashoma asi vari kurarama hupenyu hwepasi pasi. Chindini chinosunda varume kuti vabate mabasa ane rima. Chindini chinobvisa munhu kubva mukufarirwa naMwari. Haugoni kuvimba nevanhu vane chindini. Ndinoda kukubatsira kuti uise pfungwa dzako kuna Mwari. Ndosaka ndatumidza chirongwa chino kuti Usavimbe nevanhu.

Zvinotsamwisa kuziva kuti dangwe remukadzi wekutanga ndiro rakaita humhondi hwekutanga zvichibva paruvengo nehupanduki. Bhaibheri rinotaura pachena kuti Mwari vakaita sei nehuipi hwakadai. Zvakaitwa naMwari zvinowanikwa muna Genesi 4:13-15. Kaini akati kuna Jehovha, *"Kurangwa kwangu kunopfuura zvandinokwanisa kutakura. Nhasi muri kundidzinga kubva panyika uye ndichavanzwa pamberi penyu. Ndichava mudzungairi asingazororiri panyika uye ani naani achandiwana achandiuraya."* Asi Jehovha akati kwaari "Kwete hazvingadaro, kana munhu upi zvake akauraya Kaini achatsiviwa kanomwe." Ipapo Jehovha akaisa rupau pana Kaini kuitira kuti kurege kuva nomunhu anenge amuwana angazomuraya.

Iyi ihurukuro yakaitika pakati paKaini naMwari. Ini ndinotenda kuti inotisvitsa peMHEDZISO dzakati wandei dzinoonesa kuti nemhaka yei usingafaniri kuvimba nemunhu. Haufaniri kuvimba nevanhu. Mhedziso yekutanga ndeyekuti Kaini akadenha Mwari. Hekuno kudenha Mwari kwakaitwa naKaini. Kudenha Mwari ka uku kwakaitwa naKaini. Ini ndinotenda kuti chero nemataurirro aakaita, Kaini aitoonesa kuti kutonga kwaMwari kwakange kusina kuenzanisira. Akati, “kurangwa kwangu kunopfuura zvandinokwanisa kutakura.” Nemamwe mataurirro aitotaura kuti, “Kurangwa kwangu kwapfuuridza kutadza kwangu.” Haana kumbonyatsotarisa zvaakange aita. Akange aita chinhu chakaipisisa chekuponda munin’ina wake. Asi iye akarerutsa chitadzo chake. Akati, “kurangwa kwangu kwakapfuura mwero.” Akadenha nekusagamuchira kururamisira kwaMwari. Ndokubva azoti, “Nhasi muri kundidzinga kubva panyika uye ndichavanzwa pamberi penyu.” Izvi zvinoti shamisei kuti munhu ane huipi sehwa Kaini anotoda kuva muhupano hwaMwari. Akannge aramba Mwari. Akange aramba nzira yaMwari. Iye akazogunun’una kuti Mwari vakange vamuramba.

Ini ndakadzidza kuti vanhu vakaipa havaoni tsitsi dzaMwari. Ini ndine chokwadi chekuti dai Kaini akatora zvinhu izvi nenzira yakanaka angadai akazoona kuti Mwari vane tsitsi uye vanoregerera. Asi iye akatomisidzana naMwari. Akati, “Ndichava mudzungairi asina zororo panyika.” Hapana chinhu chinotyisa kupfuura kusiiwa wega. Asi pano unoona murume aive nemunin’ina wake semuperekedzi wake uye shamwari yake asi akamuponda. Asi akazodemba demba achimisidzana naMwari achiti ave kuzosurukirwa. Aizofanira kugara achifamba nguva dzese. Aifanira kugara achingoenda. Aizoenda semudzungairi nerombe. Panenge pasina nzvimbo yekumira. Panenge pasina nzvimbo yekuzororera. Kune munhu akambotaura kuti zviri nani kuzorora muguva pane kushaya nzvimbo yekuzorora.

Kaini aitya kuuraiwa nevamwe vanhu. Akati, “Ani nani achandiwana achandiuraya.” Akaita kudenha Mwari. Pamwe akange achifunga zvaakange aita munin’ina wake asi iye zvino ave kutya kuti mumwe munhu angamuuraye. Aingofunga nezvehupenyu hwake chete. Uyu mucherechedzo wakanyanyisa kuipa. Ndabvuma hangu kuti murume mwana wekutanga. Mwana wa Adama naEva. Akamisidzana naMwari. Akadenha Mwari achimuitisa nharo.

Asi iye zvino kune vanhu vakaita saKaini. Vanoitisana nharo naMwari. Vanodenha Mwari. Neimwe nzira vanodambura hukama hwese naMwari. Kaini anomirira kuzarurwa kwaMwari kwakaipa kunoratidza zvatiri iye zvino. Kaini ndiye muenzaniso wemutemo wekudyara nekukohwa.

Mwari vanotsinhira mutongo waKaini mumhedzisiro yechipiri. Mwari vakati, ‘kana munhu upi zvake akauraya Kaini achatsiviwa kanomwe.” Pane mumwezve mutongo. Mwari vakati, “zvino Kaini uchararama nechivi chako kusvika kumagumo. “Ndinoona kuti kune vamwe vanhu vanototi kufa kurinani pane kurarama. Asi Mwari vakati “Kwete hazvingadaro; kana munhu upi zvake akauraya Kaini achatsiviwa kanomwe.” Ipapo Jehovha akaisa rupau pana Kaini kuitira kuti kurege kuva nomunhu anenge amuwana angazomuuraya.” Kaini akaudzwa kuti haaizogona kutiza chivi chake.

Ishe vakatorazve chimwe chinhanho. Vakaisa rupau pana Kaini. Mutongo wake waizogara naye kwehupenyu hwake hwese. Pane kufungidzira kwakanyanya kuti rupau urwu rwakange rwakaita sei. Ini handikwanisi. Ini handina basa nekuti rupau rwaKaini rwakange rwuri chii. Bhaibheri rinotiudza kuti Mwari vakaita izvi kuti

pashaye munhu anotakura mutoro uyu wekuuraya. Izvi zvinongondiudza kuti Kaini aifanira kurarama nechivi chake.

Mutongo ndinofunga kuti waive mutongo wakaipisisa. Asi unoona Kaini aive asina kodzero yekumisidzana naMwari. Akange asina kodzero yekuitisana nharo naMwari. Kaini aive atadza uye Mwari hapana chavaive vatadza. Hapana munhu anekodzero yekumisidzana naMwari . Mwari ndivo vanoziva zvakanaka. Ndinokukurudzira kuti usaite nharo naMwari, chingoteerera zvinodiwa naMwari.

Hazvaigoneka kuvimba naKaini. Munhu wese anomisidzana naMwari haugoni kuvimba kuvimba naye. Ndosaka ndanga ndichiti kwauri dai Kaini akatendeukira kuna Ishe. Dai akapupura kuipa kwake. Tinoona kubva kune dzimwe ndima muBhaibheri kuti Kaini aiwana tsistsi. Ini ndinotiwo kwauri, tsitsi dzaMwari unogona kudziwanawo. Unogona kuvimba naMwari netsitsitsi dzavo.